



Dr. Mary McLeod Bethune Elementary School

---

# Reyinyon Anyèl Tit I

*Yon prezantasyon an Kolaborasyon  
avèk Pwogram Depatman Federal ak  
Leta ak Lekòl Tit I yo*

# Objektif Reyinyon an

---



- *Every Student Succeeds Act* la (Yon lwa federal) mande lekòl Tit I yo pou fè yon Reyinyon Anyèl pou eksplike epi diskite sou pwogram Tit I lekòl yo, dwa paran, ak lòt obligasyon lekòl la.
- Yo ankouraje fanmi yo pou poze kesyon epi bay sijesyon pou amelyore pwogram Tit I Lekòl la.



# Kisa Tit I ye?

---



Tit I fè pati yon lwa federal ki bay lekòl yo chwazi lajan pou:

- ede satisfè bezwen ak objektif edifatif elèv yo,
- ofri estaf yo fòmasyon pwofesyonèl, epi
- sipòte patenarya lekòl ak fanmi.



# Kòman yon lekòl kapab vini Tit I?

---



- Eligibilite pou ane akademik 2025-2026
  - Distri a analize done sou revni yo (Manje Midi Gratis ak Pri Redwi (FRPL), Sètifikasyon Dirèk)
- Distri a fikse limit kalifikasyon yo selon lwa federal ak leta yo:
  - 70% pou lekòl elemantè, mwayen ak lekòl konbine yo
  - 67% pou lekòl segondè yo



## Sa sa vle di pou Lekòl nou an?

- Plis lajan pou sipòte elèv, pwofesè epi fanmi yo!
  - Lajan sa yo depase sa Distri a ofri.
  - Lajan sa yo konsantre sou ansèyman pou elèv yo, devlopman pwofesyonèl pou pwofesè nou yo, ak aktivite pou ranfòse patenarya ak fanmi nou yo.




## Kisa sa vle di pou Lekòl nou an?

- Dwa pou yo enfòmè Paran ak Fanmi yo pou patisipe nan
  - Reyinyon Anyèl Tit I
  - Komite pou pran Desizyon (Reyinyon opinyon pou moun ki gen enterè yo)
  - Dwa pou paran patisipe
  - Plan angajman pou Paran ak Fanmi
  - Kontra ant Lekòl-Paran
  - Avi sou Dwa pou paran Konnen
  - Sondaj

# Pwogram Tit I nan Tout Lekòl la

---



- Tout elèv benefisye
- Tout pwofesè benefisye
- Tout fanmi benefisye




# Plan pou Tout Lekòl nou an (SWP)

Rezime plan (*Schoolwide Plan*) SWP lekòl la

- Evalyasyon Bezwen Jeneral (*Comprehensive Needs Assessment*)
- Aktivite pou Sipòte Bezwen (*Activities to Support Needs*)
- Plan Angajman Paran ak Fanmi (*Parent and Family Engagement Plan (PFEP)*)
- Eleman Naratif (*Narrative Components*)



*Show off your Title I program!*





# Pwen Santral Tit I

---

## Enstriksyon nan Sal Klas la

- Twa Parapwofesyonèl/Double downs:
  - Travay avèk 25% ki pi ba yo ak/oswa elèv 4yèm ane ki nan klas ki pi piti yo nan lekti, matematik, ak syans atravè rotasyon ti gwoup pou enskri. - L25 pou 4yèm
  - Travay avèk elèv 4-5 ki gen difikilte nan lekti, matematik, ak syans atravè rotasyon ti gwoup pou enskri ak laboratwa syans.
  - Travay avèk 25% ki pi ba yo ak/oswa elèv 5yèm ane ki nan klas ki pi piti yo nan lekti, matematik, ak syans atravè rotasyon ti gwoup pou enskri. - L25 - 5yèm
  - Travay avèk 25% ki pi ba yo ak/oswa elèv 3yèm ane ki nan klas ki pi piti yo nan lekti, matematik, ak syans atravè rotasyon ti gwoup pou enskri. 3yèm
  - Travay avèk 25% ki pi ba yo nan elèv Jadendanfan rive 2yèm ane nan lekti, matematik, ak syans atravè rotasyon ti gwoup pou enskri.



# Pwen Santral Tit I

---

Pou nou atenn rezilta nou te espere yo, n ap itilize lajan Tit I ane sa a pou bagay sa yo:

- Angajman Paran-Fanmi: Angaje paran yo pou ogmante epi maksimize koneksyon ant lakay ak lekòl la, Ogmante piblisite ak komunikasyon nan tout lang natif natal yo pou tout evènman lekòl yo.
- Fòmasyon Paran-Fanmi: #1. Ankouraje Lanmou pou Lekti atravè Eksperyans Otantik - Sesyon fòmasyon entèaktif sa a pral bay paran yo konesans ak zouti pou sipòte devlopman lekti pitit yo lakay yo.
- Paran yo pral aprann:
  - Prensip Fondamantal yo: Jwenn yon konpreyansyon klè sou fonik ak konsyans fonolojik, blòk fondamantal pou bonjan konpetans lekti.
- Enstriksyon Eksplisit: Aprann estrateji ak aktivite pratik pou ranfòse son lèt yo, melanj, ak konsyans fonemik lakay yo.

# Pwen Santral Tit I

---

Pou nou atenn rezilta nou te espere yo, n ap itilize lajan Tit I ane sa a pou bagay sa yo:

- Angajman Paran-Fanmi: Angaje paran yo pou ogmante epi maksimize koneksyon lakay-lekòl la, Ogmante piblisite ak kominikasyon nan tout lang natif natal yo pou tout evènman lekòl yo.
- Fòmasyon Paran-Fanmi: #2. Metrizè Matematik ki Gen Siyifikasyon avèk Koulan
- Yon atelye entèaktif ki fèt pou bay paran yo konesans ak estrateji pou ede pitit yo devlope koulan nan fè matematik. Atelye sa a pral benefisyè paran timoun nan tout nivo klas yo.

Paran yo pral Aprann:

- Enpòtans Koulan nan Fè Matematik: Konprann kijan koulan nan fè adisyon, soustraksyon, miltiplikasyon ak divizyon debaz yo poze fondasyon pou siksè matematik nan lavni.
- Bati yon Fondasyon Solid: Eksplòre wòl sibstansyon (rekonèt ti kantite imedyatman) ak estrateji matematik mantal nan devlope koulan nan fè matematik.



# Pwen Santral Tit I

---

Pou nou atenn rezilta nou te espere yo, n ap itilize lajan Tit I ane sa a pou bagay sa yo:

- Angajman Paran-Fanmi: Angaje paran yo pou ogmante epi maksimize koneksyon lakay-lekòl la, Ogmante piblisite ak kominikasyon nan tout lang natif natal yo pou tout evènman lekòl yo.
- Fòmasyon Paran-Fanmi: #3. Syans Ekselan
- Yon atelye entèaktif ki fèt pou prezante w Nòm Syans Florid pou 5yèm Ane yo epi bay paran yo zouti pou yo bay lavi aprantisaj syans lakay yo!

Sa Paran yo pral Aprann:

- Pwosesis Syantifik la: Konprann etap fondamantal rechèch syantifik yo, soti nan poze kesyon ak fè obsèvasyon pou rive nan fè eksperyans, analize done, ak tire konklizyon.
- Nòm Syans Florid pou 5yèm Ane ak Vokabilè Syans: Eksplòre konsèp kle ki kouvri nan kourikoulòm Syans Florid pou 5yèm Ane a, tankou fòs ak mouvman, matyè ak enèji, sistèm Latè, òganis ak anviwònman, ak envestigasyon syantifik.



# Angajman Paran ak Fanmi

---

Rechèch montre lè paran ak fanmi angaje nan edikasyon, li pi fasil pou pitit yo:

- fè pi bon nòt
- bay pi bon rannman nan tès
- prezan lekòl
- adapte ak chanjman
- gen pi bon aptitud sosyal
- Pwomote pou lòt klas
- gradye
- kontinye edikasyon yo aprè lekòl segondè



# Plan Angajman Paran ak Fanmi

---

- Refere avèk Plan Angajman Paran ak fanmi an (PFEP)
- Dekri kòman nou enplike fanmi nan edikasyon pitit ou
- Ekri avèk kontribisyon fanmi ak estaf lekòl nou an pandan reyinyon patisipasyon Moun ki Gen Enterè yo
- Pataje lè genyen reyinyon SAC pou revize sa ki nesesè
- Yo voye resime PFEP lakay pou tout fanmi



# Plan Angajman Paran ak Fanmi (Dokiman) Ann revize plan nou an ansanm

---

- Deklarasyon misyon pou angajman paran
- Kòman nou travay avèk paran, fanmi ak kominote a pou amelyore ranman elèv
- Kòman nou fòme pwofesè pou travay ak fanmi
- Kòman nou sipòte paran pou ede pitit li lakay
- Kòman nou pataje enfòmasyon enpòtan

# Seminè Fòmasyon pou Paran

---

An akò avèk Plan Angajman Paran ak Fanmi, nou ta renmen envite w patisipe nan fòmasyon k ap vini yo:

- Fòmasyon #1: Oktòb 2025 @ 5:30 pm - Ankouraje Lanmou pou Lektè Atravè Eksperyans Otantik
- Fòmasyon #2: Novanm 2025 @ 5:15 pm - Metrize Matematik ki Gen Sans avèk Koulans
- Fòmasyon #3: Janvyè 2026 @ 5:15 pm - Syans Ekselan



## Kontra ant Paran ak Lekòl la

---



- Chak lekòl Tit I dwe genyen yon kontra ant Paran ak Lekòl la, paran yo ekri, manm fanmi ak pèsònèl lekòl la.
- Kontra ant Paran ak Lekòl la defini responsablite elèv, paran, manm fanmi ak estaf lekòl la nan fè efò pou ogmante ranman elèv la.



# Kontra ant Paran ak Lekòl la

---

## Antre Aktivite

- Sijesyon pou Kontra ane pwochèn
- Kesyon

# Dwa pou Paran Konnen

---

Fanmi yo genyen dwa pou poze kesyon:

- Sou kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè pitit ou; epi
- Si yon manm estaf ki pa pwofesè ap anseye pitit yo, nan ka sa a, yo dwe bay kalifikasyon pwofesyonèl li .



# Dwa pou Paran Konnen

---

Yo dwe enfòmè fanmi yo:

- Si yon pwofesè genyen kat semèn oswa plis l ap anseye pitit ou a san li pa satisfè kondisyon pou l anseye nivo klas oswa matyè l ap anseye a; ak
- Kòman pitit ou a ap pèfòmè nan egzamen leta tankou FAST (PM1, PM2, PM3), EOCs, ak SSA.



# Pwogram Edikasyon pou Travayè Sezonye(MEP)

---

OBJEKTIF *MEP* se ede tout elèv migran yo satisfè estanda akademik ki difisil epi pou yo gradye nan lekòl segondè (oswa konplete yon pwogram *GED*) avèk yon edikasyon ki prepare yo pou yo vin sitwayen responsab, kontinye aprann, epi jwenn anplwa pwodiktif.





# Pwogram Edikasyon pou Travayè Sezonye

---

Asire yo satisfè bezwen elèv travayè sezonye pou ede yo simonte:

- Entèripsyon nan lekòl
- Baryè kiltirèl ak langaj
- Izolman sosyal
- Manke resous sante
- Tranzisyon nan kolèj oswa travay apre lekòl segondè

Pou amelyore opòtinite edikatif elèv travayè sezonye yo pou ede yo avèk:

- Sèvis akademik/sosyal siplemantè pou elèv yo ak fanmi yo
- Tranzisyon nan nouvo lekòl (yo)
- satisfè kontni akademik leta/distri
- Gradye nan lekòl segondè

## Premye etap la se jwenn tout elèv travayè sezonye yo

---

- Entèvyou yo fèt an pèsan avèk yon Rekritè MEP ki byen fòmè, daprè kodisyon kalifikasyon Federal ak Eta a
- Enfòmasyon Kontak Pwogram nan:

Jorge Echegaray

*Manager, Migrant Education Program*

*Multicultural Education Department*

[Jorge.Echegaray@palmbeachschools.org](mailto:Jorge.Echegaray@palmbeachschools.org)

(561) 202-0359



# *Program McKinney-Vento*

---





## **Pwogram *McKinney-Vento* a**

---

Pwogram *McKinney-Vento* a fèt pou adrese pwoblèm timoun ak jèn ki sanzabri yo rankontre pou enskri, ale lekòl, epi reyisi lekòl.

### ***Lwa McKinney-Vento Homeless Education***

Lwa federal ki pwoteje dwa edikatif timoun ak jèn ki sanzabri yo.



## Pwogram McKinney-Vento a

---

Dwa timoun ak jèn ki kalifye yo:

- Dwa enkripsyon lekòl imedya lè dosye yo pa disponib
- Dwa pou rete nan lekòl orijin li, si sa nan enterè elèv la.
- Dwa pou resevwa transpò pou ale ak soti lekòl orijin li
- Dwa pou resevwa sipò siplemantè pou siksè akademik

*SDPBC Règleman 5.74 - Elèv ki Sanzabri*



# Lwa McKinney-Vento Asistans pou Moun Sanzabri

---

Defini timoun ak jèn ki sanzabri kòm timoun ak jèn ki pa genyen yon kote fiks oswa pou yo abite, ak kote adekwa pou domi lannwit; sa genyen ladann timoun ak jèn ki:

- Abite nan kay lòt moun akòz pèdi kay nou, pwoblèm ekonomik, oswa pou menm rezon an;
- Y ap viv nan motèl, otèl, pak pou karavàn, oswa teren kan piblik akòz nou pa gen lòt kote pou nou rete;
- Y ap viv nan yonabri tranzitwa oswa pou ijans;
- Yo abandone nan lopital;
- Yon plas piblik oswa prive ki pa fèt pou sa a oswa yo pa itilize regilyèman kòm yon lojman regilye pou moun dòmi;
- Y ap viv nan machin, pak, espas piblik, bilding abandone, lojman ki pa nan estanda pou moun rete, nan estasyon bis oswa tren, oswa yon kote ki sanblab; epi
- Yo se pitit travayè sezonye ki kalifye kòm timoun sanzabri paske timoun yo ap viv nan kondisyon yo dekri pi wo a.



THE SCHOOL DISTRICT OF PALM BEACH COUNTY  
SAFE SCHOOLS  
**Student Housing Questionnaire**

SIS DATA ENTRY  
(Print Clearly)  
Date: \_\_\_\_\_  
By: \_\_\_\_\_

School Personnel: Forward this form to your data processor for SIS coding. Fax or email form to the McKinney-Vento Program. FAX: (561) 432-6351  
Email: MYPHomeless@palmbeachschools.org. If you have any questions, contact MVP at (561) 350-0778.

The purpose of this form is to identify students and families who may be eligible for services in the school or local community.

Student ID #	First Name	Last Name	Birth Date	School	Grade

**NIGHTTIME RESIDENCE** Check Yes or No to statements 1-6 below:

	YES*	NO
1. My family lives in an emergency or transitional shelter (e.g., FEMA Trailer, domestic violence shelter).	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
2. My family shares the housing of other persons due to loss of housing, economic hardship, or a similar reason; we are doubled up.	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
3. My family lives in a car, park, temporary trailer park, campground public space, abandoned building, substandard housing, bus or train station, public or private places not designed for or ordinarily used as a regular sleeping accommodation for human beings, or similar settings due to a lack of alternative adequate accommodations.	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
4. My family lives in a hotel or motel due to a lack of alternative adequate accommodations.	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
5. A child/youth in my home is under the age of 16 and unaccompanied youth (not in the physical custody of a parent or guardian) or I am an unaccompanied youth under the age of 16.	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
6. A child/youth in my home is 16 years of age or older and an unaccompanied youth (not in the physical custody of a parent or guardian), or I am an unaccompanied youth 16 years of age or older.	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>

\*Complete the rest of this form if you checked "YES" to any statement above. Print clearly, sign, and return the form to the school staff assisting you.

Parent/Guardian Name (First, Last)	Parent Phone	Email Address	Unaccompanied Youth Phone

Current Address (Even if it is not permanent)	Length of Time	City	State	Zip Code
Former Address	Length of Time	City	State	Zip Code

List all your children who live with you from preschool through high school. If needed, use an additional sheet.

Student ID #	First Name	Last Name	Birthdate	School Name	Grade

I would like referral assistance with the following (check if applicable):

Information Packet    Counseling    School Transportation    School Support    School Physical    School Shots  
 Birth Certificate    Medical/Dental    School Supplies    School Uniforms  
 Senator Lewis Homeless Resource Center    Other: \_\_\_\_\_

Additional support and educational services may be available for students under the McKinney-Vento Act. For more information about the McKinney-Vento Act and the McKinney-Vento Program (MVP), visit our website at <https://fl50010848.schoolwires.net/Page/882>.

**Release of Information for Additional Community Resources**  
Local homeless resources, including housing assistance, provided by community agencies not governed by the School District of Palm Beach County may be available to qualified families. Check 'yes' and sign below if you allow information to be released to community agencies, including being entered into Palm Beach County's Client Management Information System (CMIS), and allow community agencies to contact you about potential assistance. Information to be released includes student name, address, DOB, race, ethnicity, gender, housing status, grade, and school name as well as parent's name, DOB, race, ethnicity, and gender.

Yes (if "yes" is chosen, complete the following parent information)   Date of Birth \_\_\_\_\_   Race \_\_\_\_\_   Gender \_\_\_\_\_  
 Ethnicity    Yes, Hispanic or Latino    No, Not Hispanic or Latino  
 No

I declare under penalty of perjury under the laws of this state, that the information provided here is true and correct.

Signature of Parent/Guardian or Unaccompanied Youth \_\_\_\_\_   Date \_\_\_\_\_

# Idantifikasyon pou Elèv ki elijib

## Kesyonè sou Lojman Elèv (PBSD 2479)

- Lekòl la distribye kopi fòm nan bay elèv yo de fwa pa ane epi lè sa nesesè
- Ou kapab [ranpli fòm yo sou entènèt](#)
- Elèv ki elijib yo enskri nan pwogram *McKinney-Vento (MVP)* a epi ekip MVP a ap ba yo sèvis
- Nan patenarya avèk ajans nan kominote a pou ranpli kesyonè lojman yo avèk paran yo

# Objektif McKinney-Vento FLDOE yo obligatwa

---

Chak distri lekòl pral:

- Idantifye omwen 5% nan elèv ki enskri nan FRL yo kòm moun sanzabri nan yo ane lekòl.
- Jwenn omwen yon pousantaj prezans lekòl 90% pou elèv yo idantifye kòm moun ki sanzabri nan yon ane lekòl.
- Pwomote omwen 90% elèv yo idantifye kòm moun ki sanzabri nan yon ane lekòl nan yon lòt nivo klas nan fen chak ane.





# Sèvis Pworam *SDPBC* *McKinney-Vento* a Ofri

---

## Asistans pou Enskripsyon

- Fasilite Aksè Elèv yo: Ekip MVP a bay sipò pou enskripsyon pou asire elèv ki sanzabri yo kapab enskri lekòl byen vit epi avèk efikasite.
- Sipò Transpò: Pwogram nan ofri transpò pou ale nan lekòl orijin nan atravè sèvis otobis distri a, transpò prive, ranbousman kantite milyaj, ak pas *Palm Tran* pou elèv ki gran yo.

## Sèvis Sipò

- Sèvis Leson Patikilye: Pwofesè sètifye nan distri a bay leson patikilye pou elèv ki sanzabri ak moun ki victim vyolans domestik yo.
- Reyinyon Ekip ki Baze nan Lekòl: Manadjè Dosye MVP yo patisipe nan reyinyon lekòl pou defann elèv yo epi konekte yo avèk resous esansyèl yo.
- Siveyans Prezans: Ekip MVP a swiv prezans elèv yo chak mwa pou idantifye epi adrese pwoblèm potansyèl yo.



# Sèvis Pwogram *SDPBC* *McKinney-Vento* a Ofri

---

## Esansyèl pou Tout Ane a

- Founiti: Ekip *MVP* a distribye sakado ak founiti klasik pandan tout ane a pou asire elèv yo genyen zouti nesèsè pou aprann.
- Inifòm: Elèv ki elijib yo resevwa inifòm, chosèt ak soulye pou ankouraje yon sans apatenans epi deminye estigma ki asosye ak disparite nan rad.
- Twous Ijèn: Yo bay twous twalèt pou bezwen ijèn debaz elèv yo, sa ki kontribye nan byennèt jeneral yo.

## Konpay Konsyantizasyon ak Patenarya Kominotè

- Angajman Kominotè: Ekip *MVP* a kolabore avèk Sant Dakèy la, legliz yo, *The Soup Kitchen*, epi li patisipe tou nan aktivite kominotè yo pou enfòm moun epi amelyore aksè a sèvis yo.
- Inisyativ Gwoup Travay: Ekip *McKinney-Vento* a ankouraje kolaborasyon ant òganizasyon kominotè yo pou kreye yon rezo resous ki sipòte fanmi yo nan Rejyon Palm Beach la.

# Sèvis Pwogram SDPBC McKinney-Vento a Ofri

## Referans ak Asistans Kominotè

- Konekte Fanmi ak Resous yo: Ekip MVP a bay referans a ajans kominotè ki ofri sèvis tankou abri, asistans pou lwaye, ak lojman pou sipòte fanmi ki sanzabri yo.
- Sèvis Lesiv: Atravè yon patenarya avèk *Degy Entertainment*, ekip la ap travay pou enstale machin alave ak seche nan lekòl lokal yo pou bay elèv yo ak fanmi yo sèvis lesiv esansyèl.



Degy Entertainment  
Palm Beach Lakes HS



Delivery of Essential  
Supplies



Outreach  
Community Event



UHY Student  
Shoe Donation



MVP Sneaker Closet



# Pwogram McKinney-Vento

---

## Enfòmasyon pou Kontak

Kontakte Pwogram *McKinney-Vento Homeless Education Program (MVP)* si ou genyen kesyon oswa pou ranpli yon kesyonè lojman pou elèv.

- Aleshia Coleman - Planifikatè Pwogram
  - (561) 753-4057
  - [Aleshia.Coleman@palmbeachschools.org](mailto:Aleshia.Coleman@palmbeachschools.org)
- Depatman
  - (561) 473-8104
  - [MVHomeless@palmbeachschools.org](mailto:MVHomeless@palmbeachschools.org)
  - [MVP Website](#)



# Konklizyon

---

- Opòtinite pou paran poze kesyon ak bay opinyon
- Ou ka jwenn lyen evalyasyon sou sitwèb nou an oswa klike la a pou jwenn aksè nan [evalyasyon elektwonik](#) la. Yo te bay kopi papyè an pèsòn

Mèsi pou prezans, patisipasyon ak opinyon w

Nou swete w siksè pou ane akademik la